

WATEK CAI DINA PALASIPAH SUNDA

Ku: Yayat Sudaryat

Naon ari cai teh? Dina *Kamus Umum Basa Sunda* aya katerangan kieu. Cai mangrupa zat encer saperti anu sok ragrag ti langit lamun hujan. Katerangan anu meh sarua kapanggih oge dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Unina mun disundakeun mah kieu. Cai (Indonesia *air*) mangrupa barang encer saperti anu ilahar kapanggih di sumur, walungan, situ, atawa talaga, anu bisa ngagolak dina suhu 100^o Celcius.

Dina sawangan para pilusup, *cai* teh kaasup salasahiji unsur jagat raya, buana agung, atawa bumi ageung (makrokosmos), ari unsur lianna aya angin (hawa), seuneu, jeung taneuh (bumi). Eta opat unsur jagat raya teh sajalan jeung tangtungan Pilusup Yunani, Empetocles. Dina sawangan pilusup India (*Sangkhya*), ditambahan jadi lima, nya eta unsur kosong (*ether*) anu nuduhkeun hal-hal anu cicing (*vacuum*). Kitu deui, dina sawangan pilusup Cina, aya unsur cai, seuneu, taneuh, kai, jeung beubeusian (logam). Tetela aya beda sawangan antara pilusup Yunani, India, jeung Cina. Pilusup Yunani jeung India meh padeukeut, ari pilusup Cina mah kaitung jauh. Aya unsur anu sarua nya eta cai, seuneu, jeung taneuh. Sabangsa unsur kai jeung beubeusian ku pilusup Yunani jeung Indi mah diasupkeun kana unsur taneuh, ari pilusup Cina mah dipisahkeun. Unsur angin anu dina palasipah Yunani jeung India aya, dina pasalipah Cina mah dileungitkeun. Kumaha ari di Sunda? Pilusup Sunda nyoko ka nu mana? Tina pabukon anu kapanggih, pilusup Sunda mah leuwih beurat kana sawangan pilusup Yunani jeung India.

Pasipatan jagat raya anu diebrehkeun ku unsur cai, angin, seuneu, jeung taneuh, kapanggih oge dina pasipatan jagat alit, buana alit, atawa bumi alit (mikrokosmos), nyatana dina awak manusa atawa mahluk hirup. Unsur cai dina jagat raya anu mangrupa hal-hal encer, kapan dina awak urang sarua jeung getih atawa barang encer lianna. Unsur angin dina alam sarua jeung engapan (napas) dina diri manusa. Unsur seuneu dina alam sarua jeung panas dina awak manusa. Ari

unsur taneuh dina alam sarua, anu ngajadikeun barang teuas saperti batu, beusi, gunung, sarua jeung daging, tulang, katut barang teuas lianna di manusa. Ku lantaran kitu, teu kudu aneh upama kaayaan jagat raya gede pangaruhna kana kahirupan manusa.

Cai teh gede gunana pikeun kahirupan manusa, malah sok disebut-sebut jadi sumber kahirupan (QS Al-Anbiya:30; QS Al-Haj:5; GQ Az-Zukhruf:11). Cai teh diturunkeun ti langit. Ku cai, Alloh ngahirupkeun tanah cengkar (QS Al-Baqarah:164). Rea keneh suat-surat sejenna dina Qur'an anu nerangkeun bab cai. Cai sok dipake pikeun susuci. Geuning aya pupujianana anu nerangkeun bab cai. Geura urang cutat.

Dupi sadayana cai,
nu sok dianggo susuci,
eta aya tujuh rupi,
walungan anu kahiji.

Cai laut kaduana,
cai sumur katiluna,
caiibun kaopatna,
cai es nu kalimana.

Cai nyusu kagenepna,
cai hujan katujuhna,
eta cai sadayana,
sah dianggo susucina.

Dina kahirupan masrakat Sunda, cai teh sok dijadikeun silib, upamana, muncula dina rakitan basa nu disebut babasan jeung paribasa. Babasan mangrupa rakitan basa winangun kecap kantetan, susunanana geus matok, tur ngandung harti injeuman. Ari paribasa mangrupa rakitan basa winangun kalimah, susunanana geus matok, tur ngandung harti babandingan minangka siloka lakuning hirup manusa. Patali jeung cai, aya sawatara babasan anu muncul di masarakat Sunda. Contona bae:

Galagah kacaahan, hartina ‘ngalajur napsu kabawa ku batur’

Teu *cai* herang-herang acan

Teu meunang *cai* atah.

Kakeueum ku *cai* toge.

Cai asa tuak bari, kejo asa catang bobo.

Aya nu dianjing *cai*.

Dina ungkara nu disebut paribasa, kecap *cai* teh sering kapanggih, boh gembleng *cai*, boh geus disingget jadi *ci*. Kumaha tumerapna palasipah cai kana hirup pakumbuhan masarakat Sunda? Jero pisan tur teuleumaneun. Ceuk palasipah cai, ‘diajar teh kudu saeutik-saeutik tur junun, lila-lila mah bakal bisa’ (Geura urang tengetan conto paribasana.

Ceuk palasipah cai,

Cikaracak ninggang batu, laun-laun jadi legok.

Seuneu hurung cai caah, ulah disorang, hartian ‘jalma nu keur napsu, ulah diheureuyan atawa diladenan’.

Bisi aya ti cai ti geusan mandi.

Bebek ngoyor di sagara, rek nginum neangan cai.

Cai di hilir mah kumaha ti girangna, hartina ‘

Herang caina beunang laukna.

Ka cai jadi saleuwi, ka darat jadi salebak.

Kawas cai dina daun taleus, hartina ‘papatah taya nerapna’

Kawas cai dina daun bolang, hartina ‘papatah taya nerapna’

Kumaha kecebur caina, geletuk batuna, hartina ‘

Nepak cai malar ceret, hartina ‘api-api nyual, susuganan nyaho tina jawaban nu ditanya’

Nyiuk cai ku ayakan, hartina ‘migawe kalakuan nu moal aya hasilna.

Pindah cai pindah tampian, hartina ‘nyaluyukeun jeung adat kabiasaan di pangumbaraan’.

Kekecapan anu ngandung kecap *cai* teh patali jeung rupa-rupa hal kayaning kasakit, kadaharan, jeung inuman. Kekecapan *cai* anu patali jeung kasakit, upamana bae, *cacar cai* jeung *kuman cai*. Kekecapan *cai* anu patali jeung kadaharan, di antarana, *cua cai* (sabangsa kadaharan nu ngandung *cai*). Kekecapan *cai* nu patali jeung inuman, di antarana bae, *ciatah*, *cigula*, *ciherang*, *cisusu*, dan *citeh*, . Kekecapan *cai* nu patali jeung padumukan, di antarana bae, *lemah cai*.

Patali jeung: beungeut *cai*, buah *cai*, gurat *cai*,

Patali jeung: cikoracak, *cai* tawar, *cai* meuting, *cai* mulang, *cai* malik, cikahuripan, *cai* hurip, cinyusu. cipeureu.

Patali jeung ngaran patempatan (geografis), kaasup ngaran walungan, saperti Citarum Ciliwung, Cimanuk, Cisimeut, Cisondari; Cibeureum, Cibiru, Cibungur, Cibodas, Cihideung, Cikoneng, Cikeruh, Cisaat, Cibolerang, Cinyasag, Ciibun, Ciluncat, Ciherang, Citamiang, Cigombong, Cieunteung, Ciawi, Cibatu, Cibitung, Cikaso, Cileunyi, Cirangrang,

Kumaha ari watekna *cai* teh? Ceuk palasipah Sunda, watek *cai* teh nya eta handap asor bari balabah, tara aya *cai* nu ngapung ka luhur atawa palid ka tonggoh. Kajeun ngarayap dibelaan mapay ka handap, ahirna teu burung nepi ka sagara lega. Tukung junun dina enggoning ngudag maksud. Dibelaan narutus gunung batu, naratas tegal cadas. Pangna muncul paribasa “Cikoracak ninggang batu, laun-laun jadi legok”. Tapi, lamun *cai* dibendung, kajeun caah leleberan ti batan pegat nya lumampah. *Cai* sanggup mere hirup sanes karena hurip. Di mana *cai* datang amarahna, balukarna matak ruksa sakur nu kalambak (Buktina: galura Tsunami di Aceh).

Dipatalikeun kana kapercayaan ngeunaan wewedalan, *cai* teh dipake lambang (simbol) jalma anu wedalna poe Jumaah. Ieu jalma watekna handap asor tur balabah. Dina milampah hiji pagawean sok satahap-satahap, tara gurung gusuh,

tenang, alon-alon asal kalakon, kajeun kendor asal ngagembol. Tukup junun dina enggoning ngudag maksud. Perbawana tenang, adem, tur dipikabutuh ku sarerea. Ngan lemahna teh, lamun kahayangna dipondah atawa dipungpang, sok murugul, kuma aing, mawa karep sorangan. Komo mun geus ambek atawa datang amarahna mah, jalma nu boga watek cai mah bakal ngamuk hese dihalanganana.